ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№76 (21.484) ●2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Пэжь М.Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал финанс кІэлъыплъыныгъэр зэтегъэуэвэнымрэ абы зегъэужьынымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбжь и палатэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 5 щрикъум ирихьэлІэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Пэжь Мухьэмэд Хьэмидбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбжь и палатэм и аудиторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№56-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъэунэшу икІи хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсхэм япэщІэтынымкІэ и Іэнатіэр илъэси 175-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын:

Борэн МуІаед Хъэлиф и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал къулыкъум и унафэщІым

Шагин Сергей Иван и къуэм - Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжыныгъэхэм и Іуэхухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуэ гузавэгъуэхэм я лъэужьыкэр гъэкІуэдыжьынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№57-УП

Болэ А. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъэунэшу икІи хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэр илъэси 130-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Болэ Айвар Мухьтар и къуэм** - Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым кадрхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№58-УП

Шэрджэс З. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьынымк щхьэхитІыхьам папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Шэрджэс Заурбэч Борис и къуэм** - «Республикэм и спорт школ зегъэуІуа» къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№59-УП

Гижгиев М. З. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт-гъэзэгу убзыхуам зегъэужьынымк эзэфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Гижгиев Малик Зейтун и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэздзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкіэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм экономикэмкІэ и департаментым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№60-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым икІи иткІэ, зыпэрыт къулыкъур щхьэщыхьауэ, **Абрэдж Іэдиб Хьэсэнбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кърау егъэуТ Іэ щІыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м
№62-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыуХУ-реихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым икІи иткІэ, иІыгъ къулыкъур щхьэщыхьауэ, **Гызыев Берт Хьэжэсэмэн и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыуХУреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым къару егъэуТ Іэ щІыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м
№63-УП

Сунш А. А. фІыщІэ хуэщІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м №44-РП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт-гъэзэгу убзыхуам зегъэужьынымк и эзфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, фІыщІэ хуэщІын **Сунш Ануарбий Іэбубэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

КъБР-м и Президентымрэ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэмрэ студентхэм я гъэсэу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *ейщ.*

● Гулъытэ

Студент нэхъыфІхэр ягъэпажэ

КъБР-м и Президентым и стипендиер зыхуагъэфэща студентхэр мэлыжьыхьым и 21-м Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ. Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я мызакъуэу, абыхэм яхэтт МКъУ-мрэ Плехановым и цІэр зезыхьэ экономикэ академиемрэ я студентхэри. Илъэс ныкъуэкІэ ныбжьыщІэ 20-м маэ къэс сом мин тІурытІ иратынущ.

МЫ ЗЭЛУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, абы и къудамэ **ДыщэкІ Мадинэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр**Шхэнтэпсо Сэфарбий**, КъБКъУ-м, КъБКъМА-м, Гъуаздджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым, УФ-м и МВД-м Краснодар щІэ и университетым и къудамэу Налшык дэтым я ректорхэу **Кьаремырзэ Барэсбий, Жэрыкъуэ Борис, Рахаев Анатолий, ЩІхьэгъэпсо Заурбий** сымэ.

- Къэкіэуэнур зейр щІалэгъуалэрщ икІи фэращ зэлыкІтыжар ди пщэдейр зыхуэдэнур, - жиІащ Президентым. - Си щІалэгъуэхэр республикэм щекІуэкІ экономикэ, политикэ, щэнхабзэ гъащІэм жыджэру фыкъэтын хуейщ. Республикэм и экономикэр ипэкІэ зыгъэкІуэтэфын Іэщіагъэлъэр диІэн папщІэ, программэ щхьэхуэ зэхэдгъэуващ. Абы ипкъ иткІэ, 2008 гъэм дунейпсо бизнес школхэм я щІэныгъэм, Іэщіагъэм щыхагъэхъуэну щіыхэр 26-рэ дгъэкІуащ. Мы илъэсми я Іуэхугъуэм пытщэнущ. Псынщіэ дыдэу зызыужь дунейм фэ хуитыныгъи Іэмали щывІэщ ди зэфІэкІым хэвгъэхъуэну, фи къэухым зевгъэужьыну. Пэжщ, зэманым псынщІэу зехьуэж, ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми хэкуп сэу ущытын, щыхугъэ пхэлъын, уи хабзэр, нэмысыр пІыгъыжьын хуейщ. Сэ щэч кІытесхьэркъым фэ фщыщ дэтхэнэ зыми республикэм зиужьыным и гуащІэ зэрыхилъхьэнум. Адэкіи екъулІэныгъэ фиІэу, зыкъэвгъэувэжа мурадхэр къывэхъулІэу феджэну сынывохьэхъу.

КъБР-м и Президентым и стипендиер зыхуагъэува студентхэм къабгъэдэкІыу республикэм и Унафэщім псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ Лу Азэмэт (КъБКъУ), Пажь Маргаритэ (КъБКъМА), Гулиевэ Фаризэт (Гъуаздджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт), Бджий Залинэ (УФ-м и МВД-м Краснодар щІэ университетым и къудамэу Налшык дэт), Гыльиевэ Радимэ (МКъУ) сымэ. Абыхэм жиащ къыхуащІа гулытэр гуапэ эращыхьуар икІи къаэзрыщыгугъэр ягъэпэжыным зэрыхущІэкъунур, республикэм и унафэщІхэм кърахьэжьэ сыт хуэдэ Іуэхуфіри дэІыгъыну зэрыхьэзырыр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.



●ФИДЕ-м и Гран-при

Аронян бжьыпэр зыІэрегъэхьэж

Шахматымкіэ ФИДЕ-м и Гран-при зэхьэзэхуэм и еплІанэ Іыхьэм и еханэ джэгугъуэм пашэ щыхъуар ирагъэкІуэтыжащ. Бжьыпэр нубыдыжащ Армением щыщ гроссмейстер Аронян Левон.

ЕХАНЭ джэгугъуэм и пэ кІыхьэу шахматистхэм яІа зыгъэпэсхуГыэу махуэр псоми зэхуэдэу сэбэп яхуэхъуакъым. Зэхьэзэхуэм хъарзынэу щІэзыдзэу бжьыпэр зыубыда **Грищук Александр** Азербайджаным щыщ **Мамедьяров Шахрияр** пэщІэтыфакъым икІи 38-нэ кІуэгъуэм зитащ. Ар къимыгъэсэбэпу къэнакъым Гран-при зэпеуэм япэ Іыхьапщэм яужькІэ пашэ щыхъуа, Палшыки яп джаукъуитІым щытекІуэ **Аронян Левон. Ермэлы** шахматистыр Украинэм кьикІа **Иванчук Василий** гугъу емыхьыщэу ефІэкІащ икІи бжьыпэр иубыдыжащ.

ПщІэ лей хуэфащэщ Аронян ем щыщ адрей гроссмейстерми. **Акопян Владимир** нужьрей зэІуцитІым зэкІэтъхьэужьу щытекІуащ икІи пашэм кІэпъелІэхэм яхьіхьащ. Нужьу абы **Карякин Сергей** хигъэщІащ.

Еханэ джэгугъуэр зыхуэфІахэм ящыщщ **Свидлер Петри** ФІыщІэхэмкІэ джэгу пэтми, ар **Ельянов Павел** текІуащ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ **Камский Гатэрэ** Израильым кьикІа **Гельфанд Борисрэ** я зэІуцІэр зэриухынур яфІэхъуэпэмэту куэд пэпльэрт. Американым фы дыдэу, иригъажьэри, тепщэныгъэр иубыдащ. Арщхьэкіэ журт шахматистыр щытыкІэ гугъуэм кьикІыфащ икІи зэрыпемыгъэкІащ ныкъуэ Іуэгъэкіуащ.

Очкор щыІэздагуэшащ **Касымджанов - Бакро, Леко - Алексеев** зэІуцІэхэми.

Арати, джэгугъуихым яужькІэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдыжащ очкои 4 къэзыхьа Аронян Левон. Абы очко ныкъуэкІэ кьыкІэроху Грищук Александр, Акопян Владимир, Леко Петер, Свидлер Петр, Алексеев Евгений сымэ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Аронян Левон

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сабийхэм я зэфІэкІ

АДЫГЕЙ. *Железноводск щекІуэкІэ «Кавказым и налкъутхэр» щІыналъэ фестивалым адыгэ къафэмкІэ «Мэкъуэкъуэ и пшэльхьэр» муниципальнэ сабий къэфакІуэ гупым яп эувыпІэр къыщиІыщащ.*

ФЕСТИВАЛЫМ хэтащ Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм я къэфакІуэ гупу 37-рэ. Республикэм и сабийхэм ягъэльэгъуа «Щалэгъуалэ къафэмрэ», «Абхъаз къафэмрэ» жюрир хьэщыкъ ящІащ икІи яп увыпІэр ираташ.

«Мейкьуапэ и пшэльхьэр» сабий къэфакІуэ гупыр хэтынущ Къафэм и дунейпсо махуэм теухуауэ мэлыжьыхьым и 28-м Адыгейм щекІуэкІыну фестивалым.

Нэм щеІэзэ сымаджэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. *Черкесск къалэм дэт Республикэ сымаджэщым Краснодар крайм и «Микрохирургия глаза» клиникэм и къудамэ иджыблагъэ къыщыІэуахащ.*

СЫМАДЖЭЩЫМ и унафэщІым и къуэдзэ Шопар Жаннэ зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм Іэмал яГуэтащ щыналъэм имыкІыу я унэ зыщагъэхьужыну. Клиникэм и пэшхэр Іэхуитльэхуитщ, иджырей медицинэ Іэмэпсымэхэмкіэ кьыІэзгъэпэщащ, амбулаторэ, диагностикэ кьэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ. Сабийхэм, зауэм и ветеранхэм уасэр хуагъэмащэ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Ахъшэри сэбэныжькъым

США-м и Правительствэм машинэ щащІ заводхэм евро мелард бжьыгъэхэр ярет.

АПХУЭДЭУ General Motors-м евро мелардитІ 5 мэкъуэугъуэм и 1 пщІондэ, Chrysler-м доллар мелуан 500 мэлыжьыхьым и 30 хъуэ яритынущ. Кризисым ирипэщІэтыну США-м и нубыдхуа Іуэхухэм тепщІыхьмэ, мы компаниехэр хъумэныр иджыпсту псом нэхърэ нэхъапэщ. Ауэ щІэупщІэзиМ-Іэж машинэхэр щащІ заводхэм я Іуэхур хьэлъэщ, уебгъэмэ США-р зэрыпагэ Іуэхущапіэхэр "ІэщІэкІыу" кьыщІэкІынущ.

Ди щхьэ Іуэху зыдохуэ!

Корее Ищхьэрэм зэрыжиІэмкІэ, лъэныкъуэкІэ зэрыщІыдІа эзгуРыІуэныгъэм еБжьыкъуэнур, я ядерир гъэуІэныгъэм пищэнущ.

ЗЭРЫГЩІЭЩІ, иджыблагъэ Корее Ищхьэрэм ракетэ зэриутІыпщащ ООН-м Зыхьумэжыныгъэмкіэ и Советым игъэдэхакъым. Абы жэуап иритыжу Кореем и унафэщІхэм жаІащ я ядерир Іэщіэхэр щагъэхьэзыр Іуэхущапіэ нэхьыщхьэр кьыІэрагъэпэщыжьын мурад Пхеньян зэриІэр.

Урысей щІэныгъэлІхэм зэрагуГэмкІэ, Пхеньян я Іуэхур зэтригъэувэжьыным илъэс ихьынущ, абы щыгъуэми Кореем ядерир кьэхутэныгъэхэр щригъэкІуэкІыр зауэ Іуэхукъым, атІэ дунейпсо политикэм щиІэ мыхьэнэр кьиЕтын папщІэщ.

Мывэ бгъажэмэ...

Франджым и завод машинэ щкъыгъэхэр кьыщыщІагъэкІым и лэжьакІуэхэм я унафэщІхэр махуитІкІэ пхеру яІыгъауэ, кьаутІыпщыжащ.

ЗАВОДЫМи унафэщІымрэ абы и къуэдзэхэм ящыщ зымрэ ефнИрэ щыІыхьэшхыжу кьаутІыпщыжащ лэжьакІуэхэм. Франджым и СМИ-хэм къызэратымкІэ, заводым щылажьэхэм я зэхуэдитІыр гъэмахуэ дызыхуэкІуэм ІуагъэкІыну щагъэІуа зэІущІэм нужькІэ, зи кьалэнхэм пэмыльыпІэ щыгъэфащІхэм я пІэкІэ нэгъэщІхэр кьыхуагъэкІуэн хуейуэ кьэзыгъэува лэжьакІуэхэм я нэхъыщхьэхэр яубыдат. Иджы езыхэми ар иращІэжащ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦Инджылыз драматург **Шекспир Уильям** кьыщалъхуа махуэщ.

♦ЩІэшэн Республикэм анэдэлъхубзэм и махуэр щагъэлъапІэ.

♦Мэлыжьыхьым и 23 - 29-хэм Бангкок (Таиланд) щекІуэкІынущ ООН-м Экономикэмкіэ и комиссэм и 65-нэ зэхьэхьэр.

♦КъБАССР-м и цІыхубэ тхакІуэ, публицист **Теунэ Хьэчим** кьыщалъхуа махуэщ (1912 - 1984 гъэхъ.).

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 12-м, кьуэлъэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъ 57-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикъ 41-рэ.**

ПІалъэр зыгъэхьэзыр
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ПцІыупс пцІыупс еДэІуэжкъым.

Пэжь М.Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал финанс кІэлъыплъыныгъэр зэтегъэуэвэнымрэ абы зегъэужьынымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбжь и палатэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 5 щрикъум ирихьэлІэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Пэжь Мухьэмэд Хьэмидбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбжь и палатэм и аудиторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№56-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъэунэшу икІи хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсхэм япэщІэтынымкІэ и Іэнатіэр илъэси 175-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын:

Борэн МуІаед Хъэлиф и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал къулыкъум и унафэщІым

Шагин Сергей Иван и къуэм - Урысей Федерацэм граждан зыхьумэжыныгъэхэм и Іуэхухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкіэ, къэхъуэ гузавэгъуэхэм я лъэужьыкэр гъэкІуэдыжьынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№57-УП

Болэ А. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъэунэшу икІи хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэр илъэси 130-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Болэ Айвар Мухьтар и къуэм** - Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым кадрхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№58-УП

Шэрджэс З. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьынымк щхьэхитІыхьам папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Шэрджэс Заурбэч Борис и къуэм** - «Республикэм и спорт школ зегъэуІуа» къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№59-УП

Гижгиев М. З. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт-гъэзэгу убзыхуам зегъэужьынымк эзэфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Гижгиев Малик Зейтун и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэздзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкіэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм экономикэмкІэ и департаментым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№60-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым икІи иткІэ, зыпэрыт къулыкъур щхьэщыхьауэ, **Абрэдж Іэдиб Хьэсэнбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кърау егъэуТ Іэ щІыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м
№62-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыуХУ-реихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым икІи иткІэ, иІыгъ къулыкъур щхьэщыхьауэ, **Гызыев Берт Хьэжэсэмэн и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыуХУреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кърау егъэуТ Іэ щІыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м
№63-УП

Сунш А. А. фІыщІэ хуэщІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м №44-РП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт-гъэзэгу убзыхуам зегъэужьынымк и эзфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, фІыщІэ хуэщІын **Сунш Ануарбий Іэбубэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

● КъБР-м и Правительствэм

Унафэ егъуэт

ЗэлущIэр юкIуэкI .
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Ди газетым зэрытетащ. КъБР-м и Президент Къаноко́ъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэлущIэр мэлыжьыхьым и 20-м иригъэкIуэкIащ.

АБЫ ЩЫЗЭПКЪРАХАЩ 2008 гъэм я лэжьыгIэм кIрикIуахэм теухуауэ къэралым папщIэ заказхэр хэгъэшэнымкIэ Къбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал комитетым и унафэщI **Сэпагуэ Алий** ищIа отчетыр.

Президентым и пэублэ псалъэм иужькIэ, Сэпагуэ Алий зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ нэгъабэрэ мы гъэм и апэ мазищым я къалэнхэм зэрехьулIам, мы зэманым я Iуэхур зыхуэдэм.

Абы къыхэригъэлъэгъуамкIэ, заказхэр зэрыхагъашэщыкIэм зэлымыбз кудэ зэрыхэлъым и зэранкIэ, жьы щIэту икIи арэзы укьищIу я лэжьыгъэр къаузэгъэпэщу щытакъым.

- Гугъуехьхэр кьаушэрт заказ зыгымрэ ар кьебгъэзыгъ-хымрэ зэуIуу зэдэлэжьэну Iэмал зэрамыIэм. ЩытыкIэм зрагъэхъуэжьи мурадкIэ, 2008 гъэм и дыгъэгъазэм КъБР-м и Президентым и Указкэ къызэрагъэпэщащ хьэпшыпхэр щэныр, Iуэхутхьэбзэхэр щIэныр, къэралыр зыхуэныкьуэ лэжьыгъэхэр зэфIэхыныр зи пщэрыпъ властым и гъэзэщIапIэ орган. Зыуэ щыт комиссэм хэтхэр щIэуэ къэтщтащ, абы хэдгъэхьащ Къэрал комитетым и хуэдамэхэм я унафэщIхэр, - кьыхигъэщащ къэпсэльам.

Къэрал заказ зытхэм зэрадэлажьэм и гугъу щищым, Сэпагуэ Алий кьыгъэлъэгъуащ мазищ блэкIам бюджет мыпхыкIу зыIэщIэлъхэм я заявкэу 314-м зэрыхэпльар. Зэпеуэм теухуа пакету 21-рэ, аукцион тхылъу 109-рэ, заказ зытхэм я Iуэху епльыкIэхэр кьышцальытэ зэгъэзэхуэжьныгъэхэм зэ р ы щ I э у п щ I э хъыбарегъащIоу 118-рэ щыIэ хабзэм тету ягъэхъэзыращ. ЯгъэзэщIэну кьащта заказхэм, нэгъуэщI-хэр зэрыхагъэушэну щыкIэм, ирагъэкIуэкIа сатум и протоколхэм теухуа хьыбар псори и чэзум сайтым ирагъэзэгъащ, «Официальная Кабардино-Балкария» газетым къытрадзащ.

Апэ мазищым къриубыдэу заявкэу сом мелуан 410-рэ мини 127-рэ и уасэ ягъэхъэзыращ икIи заказ зиIэхэм иращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, сом мелуан 44-рэ мин 485-рэ къыдагъэхуащ. Заказхэр нэхьыбэу щыхагуашэр сатуззэпеуэхэмрэ аукционхэмрэщ. Ильэсым щыщу блэкIэ зэманым сату IэмалхэмкIэ хагуэшащ заявкэу сом мелуан 373-рэ мин 838-рэ и уасэ. Абыи бюджет ахъшэу сом мелуан 28-рэ мин 319-рэ къыдигъэхуащ.

Сэпагуэ Алий зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэхэм я заказхэм хуэзэм кIэроху. Зэпеуэм хэтхэм а хэкIыпIэр нэхъ жьыдэгу къагъэсэбэп. «Зыуэ щыт заказчикым и дирекцэ» ГКП-м и заказу сом мелуан 82-рэ мин 412-рэ, КъБР-м ПромышленностымкIэ гъэсныныпхъэзэнергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм ейуэ мелуан 76-рэ мин 21-рэ, республикэм Узынщагъэ хъумэныжьымкIэ и министерствэм и заказу сом мелуан 29-рэ мин 97-рэ я уасэ хагуэшащ.

- Ди лэжьыгъэр зыхуэдэр тхьэмахуэ зэхуаку кьэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щызэпкърах, кьыкIэлъыкIуэм кьытпэщытхэр щагъэнаIуэ. КъБР-м и прокуратурэм, Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъым и щIыналъэ кьудамэм, республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ затумкIэ и министерствэм Къэрал комитетым Зыуэ щыт и комиссэм и Iуэхущ1афэр хабзэ пыхьыкIам тету кьапщытэ, заказхэр зэрыхэдгуашэм ткIийуэ кIэлъопль, - кьыхигъэщащ Сэпагуэ Алий.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр щыуагъэнщIэу дыпэжьырщ, экономикэм зиужьыным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэтщIынырщ. Псом япэу пIалъэ кIэщIкIэ зэтедгъэн хуейщ «Щыгъуэ-Iэлъпль автоматизированнэ центр-Къэрал заказ» системэр. Абы диIуэхур куэдкIэ иригъэфIэкIуэнущ. Апхуэдэу ягъэхъэзыращ республикэм къэрал заказхэр щыьытхэр. ФинансхэмкIэ министерствэр, Къэрал комитетыр зэрызэдэлэжьэну щыкIэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэм и проектыр. Мы зэманым абы щIыгъужьпхъэхэр халъхьэ.

Къэпсэльам кьыгъэлъэгъуащ къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэзыгъашIэщIагъэлIхэр хэхуэу егъэджэн, зи кьалэнхэр егупчуу зыгъэзащIэ хьэрычэтыщIэхэм ядэIэпыкъун дэIыгъын зэрыхуейр. Абы зэпеуэмрэ аукционхэмрэщ. Ильэсым щыщу блэкIэ зэманым сату IэмалхэмкIэ хагуэшащ заявкэу сом мелуан 373-рэ мин 838-рэ и уасэ. Абыи бюджет ахъшэу сом мелуан 28-рэ мин 319-рэ къыдигъэхуащ.

Сэпагуэ Алий зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэхэм я заказхэм хуэзэм кIэроху. Зэпеуэм хэтхэм а хэкIыпIэр нэхъ жьыдэгу къагъэсэбэп. «Зыуэ щыт заказчикым и дирекцэ» ГКП-м и заказу сом мелуан 82-рэ мин 412-рэ, КъБР-м ПромышленностымкIэ гъэсныныпхъэзэнергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм ейуэ мелуан 76-рэ мин 21-рэ, республикэм Узынщагъэ хъумэныжьымкIэ и министерствэм и заказу сом мелуан 29-рэ мин 97-рэ я уасэ хагуэшащ.

- Ди лэжьыгъэр зыхуэдэр тхьэмахуэ зэхуаку кьэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щызэпкърах, кьыкIэлъыкIуэм кьытпэщытхэр щагъэнаIуэ. КъБР-м и прокуратурэм, Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъым и щIыналъэ кьудамэм, республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ затумкIэ и министерствэм Къэрал комитетым Зыуэ щыт и комиссэм и Iуэхущ1афэр хабзэ пыхьыкIам тету кьапщытэ, заказхэр зэрыхэдгуашэм ткIийуэ кIэлъопль, - кьыхигъэщащ Сэпагуэ Алий.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр щыуагъэнщIэу дыпэжьырщ, экономикэм зиужьыным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэтщIынырщ. Псом япэу пIалъэ кIэщIкIэ зэтедгъэн хуейщ «Щыгъуэ-Iэлъпль автоматизированнэ центр-Къэрал заказ» системэр. Абы диIуэхур куэдкIэ иригъэфIэкIуэнущ. Апхуэдэу ягъэхъэзыращ республикэм къэрал заказхэр щыьытхэр. ФинансхэмкIэ министерствэр, Къэрал комитетыр зэрызэдэлэжьэну щыкIэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и хьаджагъэм екъэлIауэ щыIэ зыхуэдэр, лэжьыгъэхэр уб зыхуауэ щытын хуейщ. ЩIэпхьаджагъэм, коррупцэм ебэныным, экстремист, террорист щынагъуэ щимыгъэIэным и лъэныкьуэкIэ иджыри зэфIэгъэкIыпхъэхэр мащIэкъым, - жиIащ министрым.

Я унафэм щIэт Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм кьрикIуахэм ирипльэжри, кьапэщыт гугъуехьхэр кьыхэзыгъэрэнэкIыбфыну Iэмалхэри яубзыхуащ. Зэпеуэм кьыщыпсэльалъхэу министрым и кьуэдзэ, жылагъуэ щынагъуэнщагъэмкIэ милицэм и унафэщI **Касумов Сергей**, жылагъуэ хабзэр хьумэныжьмкIэ кьудамэм и унафэщI **Джаппуев Юрий**, Налшык кьалэ щыIэ УВД-м и унафэщI **Бэджрэт Тобий**, Лэскэн РОВД-м и унафэщI **Абазэ Мухьэмэд** сымэ.

Джаппуев Юрий апхуэдэуи кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ цыху куэд зэхэзыщIэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIкIэ жылагъуэ щынагъэншагъэр кьызэрэпэщынкIэ егъэфIэкIуэным текущуэ зэрыщIэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м ХьыбарэхмкIэ и центрым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ милицэм и майор ГъуэкIэ Анжеллэ я лэжьыгъэр зэраунэтыным кIэщIу кьытеувыIащ.

ЗэлущIэм и кIэ ухьым Томак Юрий жиIащ КъБР-р щынагъэншэгъ щытыным я кьарур хуауэзгIэн зэрыхуейр.

Абы къыхигъэщащ экономикэм и гугъуехьхэм, лэжьапIэншэхэм кьащыхьэхуэ зэманым жылагъуэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэм кьыщхэщыжьыным къэрал кIуэ IуэхуэмкIэ органкэ сыт щыгъуи хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр.

КIАСЭ Маринэ.

● ЗэлущIэхэр

Зэрыгуэгъу къонэж

Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-майор Томчак Юрий блэкIа мазищым я лэжьыгъэм кьрикIуахэм щриплъэжа зэлущIэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ.

АБЫ ХЭТащ ЪВД-ОВДхэм, адрей Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэр зэрыщыгугъыр, террорист хьэгъэщагъэхэр ящIэжьныныкIэ щынагъуэ иджыри зэрыщIэр жиIащ министрым. Апх уэдэу щытми, ар зыкъомкIэ нэхъ щабэ ящIын яхуэзэфIэкIащ. Кьапщтэмэ, щIэпхьаджагъэхэр процентри 4,8-кIэ, щIэпхьаджагъэ хьэлъэхэр процент 12-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ. Экстремизмэмрэ тероризмэмрэ ебэныным теухуа Iуэхугъуэ 15 ирагъэкIуэкIащ, бандэ гупым хэтхэм ящыщу 9 ящIащ, абы хэм я дэIэпыкьуэгъуэхэу 6 яубыдащ.

НэгъуэщI ынэгIыныгъэхэми ехьулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ. АрщхьэкIэ, щIэпхьаджагъэхэр кьыщIэгъэщынымкIэ лэжьыгъэм кьрикIуэхэм арэзы укьищIыркьым. ЩIэпхьаджагъэр зэхэзыгъэкIхэм, жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ криминальнэ милицэмрэ я Iэнатlэхэм я ныкьусаныгъэхэр щыжаIащ зэлущIэм.

- Къалэныр щетхьэкI кьыдэгъэщылIа щыпIэм щIэпхьаджагъэм ехьэлIауэ щыIэ зыхуэдэр, лэжьыгъэхэр уб зыхуауэ щытын хуейщ. ЩIэпхьаджагъэм, коррупцэм ебэныным, экстремист, террорист щынагъуэ щимыгъэIэным и лъэныкьуэкIэ иджыри зэфIэгъэкIыпхъэхэр мащIэкъым, - жиIащ министрым.

Я унафэм щIэт Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм кьрикIуахэм ирипльэжри, кьапэщыт гугъуехьхэр кьыхэзыгъэрэнэкIыбфыну Iэмалхэри яубзыхуащ. Зэпеуэм кьыщыпсэльалъхэу министрым и кьуэдзэ, жылагъуэ щынагъуэнщагъэмкIэ милицэм и унафэщI **Касумов Сергей**, жылагъуэ хабзэр хьумэныжьмкIэ кьудамэм и унафэщI **Джаппуев Юрий**, Налшык кьалэ щыIэ УВД-м и унафэщI **Бэджрэт Тобий**, Лэскэн РОВД-м и унафэщI **Абазэ Мухьэмэд** сымэ.

Джаппуев Юрий апхуэдэуи кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ цыху куэд зэхэзыщIэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIкIэ жылагъуэ щынагъэншагъэр кьызэрэпэщынкIэ егъэфIэкIуэным текущуэ зэрыщIэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м Хьыбарэхмкlэ и центрым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ милицэм и майор ГъуэкIэ Анжеллэ я лэжьыгъэр зэраунэтыным кIэщIу кьытеувыIащ.

ЗэлущIэм и кIэ ухьым Томак Юрий жиIащ КъБР-р щынагъэншэгъ щытыным я кьарур хуауэзгIэн зэрыхуейр.

Абы къыхигъэщащ экономикэм и гугъуехьхэм, лэжьапIэншэхэм кьащыхьэхуэ зэманым жылагъуэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэм кьыщхэщыжьыным къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органкэ сыт щыгъуи хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр.

КIАСЭ Маринэ.

● КъуажэдэсхэР

Лэжьыгъэм зратыж

Лъэпкъ проект пэрытхэм я фыгъэкIэ ди жылагъуэхэм зыкьауэжьыж. Къуажэдэсхэм лэжьыгъэм зратыж, Iэнатlэ мыинхэр кьызэIуэзыхьхэр нэхьыбэ нэхьу, социально-экономикэ щIыпкIэр иофакIуэ.

Абы и лъэныкьуэкIэ нобэ я Iуэху зыIутым, зэфIагъэкIэм тедгъэпсэлъхьыну дэ зыхуэдгъэзащ Iуэхэм районым хьыкъэ Хьэтуей кьуажэм и администрацэм и унафэщI Щхьэгуэш Анурбий:

- **АНУРБИЙ мы зэманым фи лэжьыгъэр, фи IуэхущIафэр зыхуэдэм я гугъу уэдгъэщIынут.**

- Апэ идгъэщIар КъБР-м и Президентым республикэм и Парламентым Зэрызыхунгъэзам щыхьэзыхуа кьалэн нэхъыщхьэхэрщ. Абы хэм тету лэжьыгъэр кьызыдогъэпэщ. -АПК-м зегъэужьыным лъэпкъ проектым щыхуэхэм я пэр нэхь щIегъэкI. Абы и сэбэпкIэ ди кольхозым и Iуэхур зэтоувэж. Пэжщ, иджырей техникэ гъэщэж, мэкъуэмэш Iэмэпсымэжэр зэкIэ кьахуэщжуркъым, ауэ яIэ хэр егуГуу зэрагъэпэщыжауэ хуэсакьыу кьагъэсэбэп. Хозяйствэм Iэщышхуэу 150-рэ зэрехьэ, абы щыщу 50-р жэм кьащщ. Мэз, щы гъэхъунми зритыжьынущ. Зы г уп зэгухьэри гектар 94-рэ хьу ди жыг хащэр бэджэнду кьыщтащ, мы Iэрысей, кьыпщIей лIэужьыгъуэхэр щыхасащ. Щхьажэдэсхэм хаджэкIэр куэду ящIэ. Мы гъэми ахэр гектар 600-м щыIэрахьэнущ.

- **Жьыгъэм я зыужьыкIэм зэтеуауэ сытхэр кьыдекIпIэн?**

- Абы и лъэныкьуэкIэ куэд къыптэлэптащ. Республикэм и Президент Къаноко́ъуэ Арсен нэгъабэ кьыщыкIуам ахэр дгъэнэIуауэ щыташ. А лэжьыгъэхэм гъунэ итльауэ жьыпIэ хъунущ. Кьапщтэмэ, курыт еджапIэм и унэцIхьэр зэрахъэжкIри яIэтыжащ, классхэр компьютеркIэ, шхапIэр IэмэпсымэщIэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ.

1992 гъэм щыщхьIум и 14-м Курэжьм и дэхэр Абхъаз щIыналъэм кьыхьуэ, Сыхъэм хуэпабгъэу кьызэрыхьырт. Тхуарчал кьалэмрэ абы и Iэшэлъашэм щыIэ абхъаз жьлэхэмрэ бийм кьиухъуреихьати, кьалащхъэм зэрызэтыпщIэн Iэмал щыIэхэхтэжьым...

МАЗАЕ жэщ щIыIэм ди кхъухьлъатэр кьыщетIысэхащ Гудауэтэ и дзэ аэродромым. Машинэри кьызэкьэрт. Зы дакъикъ Iэ Iуэхэдзкl Генштабым и бжэIупэм сыкьыщыхутащ.

- Куэд щIауэ дыппэплъэрт, ныбжьэгъу майор, - набдзэгубдзаплъэу си тхыльхэр кьипщыта нэужь, кьызжиIащ кьыспежьа офицерым. - НыщIыхь!

СыдыщIыхьатэщнэхумбльнпсо зыубыд картэм епльу бгъэдэтт Сосналы СультIан.

-Укъэса?! ЕтIысэх. УпIащIа хъунщ. Шэй пщтыр кьытхуэфхьыт! - унафэ ищIащ.

- Тхъэм пщIэ кьыпхуищI, СультIан! - адыгэбзэкIэ жесIащ, быдэу си Iэр кьыщикъуэзым.

СультIан кьыпыгуфIыкIри, етIысэхащ. Абы ешауэ фэ темыткни, и нэхэм щIэплъагъэрт куэд щIауэ ирикъуу зэрымыжкIэ...

КЪЭБЗЭРДЕЙ пщы лърызехьэ Инал Нэху и щIэблэм ящыщ Сосналы СультIан и лъым хэтт и адзэхъэм я хьэлщэныр, лIыхъужьныгъэр, дзэзешэ зэфIэкIыр.

ССР-м и Дзэ ЗэщIэуэздзэхэм ильэс 30-кIэ хъулькъу щищIащ, авиацэ училищэм кьыщыщIидзэри, полковникым нэс дэкIуеят. Жуковым и цIэр зезыхьэ Дзэ академиер кьиухри, къэрал гъунапкъэхэм кьихьэ кхъухьлъатэхэр къэзыубыд-къезыадыз полкым и унафэщIу щытащ, иужькIэ нэхъыщхьэ щыхъащ кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэсэ Iуэхущ1апIэм. Генерал цIэр кьыхагъэфщэным зы мащIэ дыдэщ1ыбжэр - кьызыжкIа лъэпкъыр яIэ ирагъэщхэм зэрыщымыщращ зэрая кьыхуэхьуар. 1985 гъэм Сосналы СультIан СССР-м щIыхь зиIэ и летчик цIэр кьызхуагъэфащэри, абыкIэ зэфIагъэкIащ.

Куржы- абхъаз зауэр кьыщыхъаем щыгъуэщ СультIан акъылрэ зэфIэкIыу бгъэдэлъыр кьыщигъэлъэгъуэн щIыпIэ щихуар. И ныбжь нэсу дзэм кьыхэкIыжа полковникыр Апсныр гъэзвэгъуэ щыхэхуэм, етIуанэ махуэм зауэм кIуащ.

Гудауэтэ щыIэт Абхъазым и политикэ, зауэ унафэщIэр. Арат бийм и кьаруушхуэ абыкIэ щIиунэтIащ. Куржы-хэм япэлъэщIын хуэдэу, дзэр япигъэуващ Сосналым. Пэжщ, куржыдзэр нэхьыбэт, нэхьыфIу эщIэуэздат. Ауэ, дауэ мыхъуами, бийр ирагъэкIуэтащ. Ар щхьэусыгъэуфI хьуат Апсным и зауэлIхэм я гур кьызэрыгъэтыжу бийм ебгъэрыкIуэнымкIэ. 1992 гъэм жэпуэгъуэ мазэм, Гагрэ куейр хуит кьыщащIыжьым, полковник Сосналы СультIан кьуэдщIауэ кьилэжьа генерал-майор щIэ IльапIэр кьыхуагъэфащэщ. Я хуитныгъэри, уеблэмэ гъашIэри зэлъыта цIыхум абхъазхэм кьыхуащIа пщIэ кьудейтэкьым ар, атIэ и дзэзешэ зэфIэкIым хуэфащэн щIэигъэтауэ арат.

Сосналы СультIан и гукъэкIыжхэм щыщщ : «СССР-м и ПВО-м цIыхуитI зэрыхуэ истребитель-перехватчик ЯК-28 иIэт. 1970 гъэхэм абы фIыуэ елэжьыжати, гъэунэхун хуейт. КхъухьлъатэмкIэ ильагъэIу зытIэтауэ, зыгуэр кьыщыщIри, дыкъехуэхыу щIэддзащ. ПарашюткIэ дыкъетIысэхыжьыну Iэмал диIэт, ауэ кхъухьлъатэр тхьэмэну дыхуейти, едгъэтIысэхыну тедухуащ. ЩIым дыщынэсым, кхъухьлъатэм и щэрхьэхэр щиудащ, и дамэхэр пиудащ. МафIэ кьыщIэнауэ иеу ерагъкIэ дыкьикIащ. ЩIым дыкьыщытехуэм щыгъуэ, мэха си гъусэм сыдэIэпыкьуурэ кхъухьлъатэм метр 20 хуэдизкIэ пэжьжьэ дыхьхауэ, ар кьэуащ, и бакьм ит гъэныщIхъэ зыгъэгорихуам нэгуриилыщIу хьэуар кьиигъэпльауэ, ди щыгъыным мафIэ кьыщIи-дзауэ...».

Апхуэдэ зыльэгъуауэ уэгум зыгъэзэжьнур мащIэщ. СымащIэжьмэ кьызэрыщIэкIыжу, СультIан полкым игъэзэжащ. Лыгъэмрэ хахуагъэмрэ анэ бдзэшIэм хэлъу пIуХуауэ зыкьэхъун хуейщ дауэдэ Iуэхум утегушхуэжьын щхьэкIэ.

Нэхъуэщ1 зы гукъэкIыж:

«СР-71 тIасхъэщIэх-кхъухьлъатэр США-м и Инджылызым щIыгъ и дзэм и хэщIапIэ кьикIырт, Архангельск дежи зэуэм иту гъэсныпхъэ щIыхурагъахьуэртщ, Кольскэ хьгIыгу ныкьыуэм кIуэщIрыкIт, адэкIэ Ищхъэрэ полюсымкIэ и унэтIыпт. Метр мин 27-кIэ зиIэта нэужь, зыкъигъэкIэрахьуэртщ, зы сыхьэтым километр 3200-3300-рэ и псынщIагъыу СССР-м кьыхуэкIуэрт. Къэралым и ПВО псор «къызщIиIэтэрпи» игъэзэжьыт. А псори щиищIэр гъунапкъэхьымэнымкIэ диIэ зэфIэкIыр зригъащIэу, дигъэбамПIэу арат. Ар кьахуэгъэуртСША-м и кхъухьлъатэ-тIасхъэщIэхэм».

СССР-м и ПВО-м и МИГ-25 полкым и унафэщI Сосналы СультIан куэдрэ егуп-сысащ кIыпIэ фронтыр кьалащхьэм екIуэлIащ, Гумкта фронтыр кьалэ гъунэхэм нэсащ, ещанэу я кьарур яунэтIащ лъагапIэ нэхьыщхьэхэр зыIэрыгъэхьеным. Ар апхуэдизкIэ бийр зыпэмыплъыта, Сыхьым зыIыгъ куржы зауэлI мин 17-р гужьеящ, кьаухъуреихьым щышынэу. Iэщэмрэ техникэмрэ кьызэранэкIыу абыхэм кьалэр ябгынэрт. 1993 гъэм фокIадэм и 27-м майор ШорэМуIэзэ ди пашэ адыгэ зауэлI гупым Совминым и унэр хуит кьащIыжащ икIи Куржым и жьIэм щIэт правительствэр яубыдащ. МафIэм эщIищта Совминым и унэм абхъаз бэракьыр щаIэтащ...

Махуищ дэкIри, фокIадэм и 30-м Сосналы СультIан хуит кьащIыжа щIыналъэм и кьэрал гъунапкъэм блэж Ингур псым щыщ зы птулькIэ хуищащ Абхъазым и Дзэзешэ Нэхьыщхьэ Ардзинбэ Владислав. Ар ТекIуэныгъэт!

Абхъазыр куржы зэрыпхъуакIуэхэм зыкъэрыщIэщIигъэкIам, текIуэныгъэр кьаззрыухьам щхьэкIэ, Сосналы СультIан Абхъазым и ЛIыхъужь щэ IльапIэр кьыхуагъэфащащ. ИужьIуэкIэ генерал-лейтенант дамэтельри кьратащ. 2003 гъэм, ТекIуэныгъэм и ильэси 10-р щагъэльапIэм, Сосналым Абхъаз Республикэм и саугъэт нэхьыщхьэ дыдэр кьыхуагъэфащащ - «Ахъдз-Анша» («Напэмрэ ЩIыхьымрэ») щIэрыгъыть орденыр кьратащ.

Москва Кремлым и Георгиевскэ пэшым щIэт мрамор пкъохэм дыщэпскIэ тетхащ Георгиевскэ дамыгъэхэр зратахэм я цIэхэр. Абыхэм яхэтщ ХьэтIохьущокъуэ Исмэ-хьил и цIэри, Анзор Хьэту и цIэри - и анэ и лъэныкьуэкIи и адэ и лъэныкьуэкIи Сосналы СультIан и благъэхэр. Абыхэм зэрахьа хабзэхэмрэ лIыхъужьныгъэмрэщ СультIан щапхъэ зытриfar. Адыгэ хабзэр мытхаэу, ЕурыIуатэу кьрахьэкIыу арами, хабзэ тхахэм нэхъри нэхь лъапIэу зэрихьэу, псэм и пэ напэр иригъэщIу псэуащ Сосналы СультIан.

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м СультIан дунейм ехьжащ. Кьбэрдей лъэпкъ уардэм и кьуэпажэр кьытхэмытыжми, абы кьызэринэжа и цIэмрэ и хьыбархэмрэ лъэпкъым, тхыдэм, гъащIэм кьыхэнащ. Зы адыгэ, абхъаз цIыху и гур кьеуэу дунейм тетыху, Сосналы СультIан и цIэри дунейм тетынущ!

ДАУР Мусэ.
КъШР, Хьэбзэ къуажэ.

Абхъазым и яп президент Ардзинбэ Владислав деж щохьэщIэ. *2003 гъэ*

Къэбэрдейм зыщегъэпсэху. *1982 гъэ*

● Фэеплъ

Напэмрэ щIыхьымрэ

Сосналы СультIанрэ абы и щхьэгъусэ ТхьэщIыху Любэрэ. *1998 гъэ*

абы пхуещIэнум. ИкIэмикIэжым хэкIыпIэ ящIыгъэтащ. Архангельск тельэтыкIри, истребителипщIым Кольскэ хьгIыгу ныкьыуэмкIэ яунэтIащ. Лыгъэ заIэтатэкьымi, НАТО-м и радиолокацэ станцэм кьахуэхугъэнытэкьым ахэр. А пщIым щыщу баззэм 8-м кьагъэзэжащ. Апхуэдэу Нарьян-МаркIэ кхъухьлъатэ 10 яу-тIыпщри, 8-м кьыхьэзэжащ. А аэродромитIым «зыщцзыщIэхуэ» кьухьлъатэ 4-м зыкьрагъэщIэжьфынут американцхэм. Арати, СР-71-р, зэрихабзэу, ИщхъэрэполюсымгунэгъуЕ кьыщцхуэхьум (абдежрат уэгум эритым хуэдэрэ гъэсныпхъэм щыхагъэахъуэр), ди кхъухьлъатэхэм заIэтщ, уэгум зыщагъэкIэрахьуэрэ зыкъагъэльагъэрэ, зи гъэсныпхъэхэр нухьним нэса тIасхъэщIэххэм ягъэзэжьн хуей хъуащ икIи абдеж щаухащ «я гушыIэныр».

Абы щыгъуэм нэхъ тынщт, СССР-м и гъунапкъэхэр хьумэ хъунымкIэ зыхуей псори яIэти.

СОСНАЛЫМ и жагъуэ зэрыхъунти, Абхъазым и Iуэхухэр абы пэжыжьэт: Iэщэр мащIэ дыдэт, цIыхухэри арат. ИтIани, 1993 гъэм фокIадэм и 16-м Абхъаз Республикэм и дзэ зэщIэуэзэдзэм бийм ебгъэрыкIуэу щIадзащ. ЗэкIэлъыкIуэу абы ираха удыным куржы унафэщIхэм я гупсысэр зэтриухат. Сыхьым къэзыуныхьа дзэр кьуэкIыпIэмкIэ щыцIапхратхьри, КьуэкIыпIэ фронтыр кьалащхьэм екIуэлIащ, Гумкта фронтыр кьалэ гъунэхэм нэсащ, ещанэу я кьарур яунэтIащ лъагапIэ нэхьыщхьэхэр зыIэрыгъэхьеным. Ар апхуэдизкIэ бийр зыпэмыплъыта, Сыхьым зыIыгъ куржы зауэлI мин 17-р гужьеящ, кьаухъуреихьым щышынэу. Iэщэмрэ техникэмрэ кьызэранэкIыу абыхэм кьалэр ябгынэрт. 1993 гъэм фокIадэм и 27-м майор ШорэМуIэзэ ди пашэ адыгэ зауэлI гупым Совминым и унэр хуит кьащIыжащ икIи Куржым и жьIэм щIэт правительствэр яубыдащ. МафIэм эщIищта Совминым и унэм абхъаз бэракьыр щаIэтащ...

Махуищ дэкIри, фокIадэм и 30-м Сосналы СультIан хуит кьащIыжа щIыналъэм и кьэрал гъунапкъэм блэж Ингур псым щыщ зы птулькIэ хуищащ Абхъазым и Дзэзешэ Нэхьыщхьэ Ардзинбэ Владислав. Ар ТекIуэныгъэт!

Абхъазыр куржы зэрыпхъуакIуэхэм кьаззрыухьам щхьэкIэ, Сосналы СультIан Абхъазым и ЛIыхъужь щэ IльапIэр кьыхуагъэфащащ. ИужьIуэкIэ генерал-лейтенант дамэтельри кьратащ. 2003 гъэм, ТекIуэныгъэм и ильэси 10-р щагъэльапIэм, Сосналым Абхъаз Республикэм и саугъэт нэхьыщхьэ дыдэр кьыхуагъэфащащ - «Ахъдз-Анша» («Напэмрэ ЩIыхьымрэ») щIэрыгъыть орденыр кьратащ.

Москва Кремлым и Георгиевскэ пэшым щIэт мрамор пкъохэм дыщэпскIэ тетхащ Георгиевскэ дамыгъэхэр зратахэм я цIэхэр. Абыхэм яхэтщ ХьэтIохьущокъуэ Исмэ-хьил и цIэри, Анзор Хьэту и цIэри - и анэ и лъэныкьуэкIи и адэ и лъэныкьуэкIи Сосналы СультIан и благъэхэр. Абыхэм зэрахьа хабзэхэмрэ лIыхъужьныгъэмрэщ СультIан щапхъэ зытриfar. Адыгэ хабзэр мытхаэу, ЕурыIуатэу кьрахьэкIыу арами, хабзэ тхахэм нэхъри нэхь лъапIэу зэрихьэу, псэм и пэ напэр иригъэщIу псэуащ Сосналы СультIан.

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м СультIан дунейм ехьжащ. Кьбэрдей лъэпкъ уардэм и кьуэпажэр кьытхэмытыжми, абы кьызэринэжа и цIэмрэ и хьыбархэмрэ лъэпкъым, тхыдэм, гъащIэм кьыхэнащ. Зы адыгэ, абхъаз цIыху и гур кьеуэу дунейм тетыху, Сосналы СультIан и цIэри дунейм тетынущ!

ДАУР Мусэ.
КъШР, Хьэбзэ къуажэ.

СультIан *(ижьымкIэ)* **уэгум ихьэну зегъэхъэзыр .** *1987 гъэ*

Дали Сальвадор и Iэдакъэщ1экIэхэр

Урал щыщ коллекционер икIи хьэрычэтыщIэ Щадрин Александр Самарэ щигъэлъэгъуащ Дали Сальвадор и лэжьыгъэхэр.

А ПСОРИ апэм зейуэ щытар «Дали и дуней» фондырщ. Сурэтыщ1 цIэрыIуэм и Iэдакъэщ1экIэхэр зэIэригъэхъэну хуейуэ ар илъэсиикIэ епсэльащ а фондыр зейхэм. 2006 гъэ IыпIэкIэ Iуэхугъэ ар Щадриным и мылъкущ.

Самарэ дэт «ЩIэпIэльапIэщIэ» галереем щагъэлъэгъэнущ испан сурэтыщIым и скульптурэ, графикэ, керамикэ лэжьыгъэхэр.

ЛIэщIыгъуэм и цIыхухэр

Ульяновск етIуанэу щекIуэкIащ «Дунейр. Заманыр. Щыхуэгъэ.» дунейпсо макъамэ фестивалыр. Щыхуэ миным щIигъуэм щыгу Iэгуауэщхуэ хуаIэтащ Ульяновск симфоние оркестрым щIыгъуу ар къызэIуэзыха, СССР-м и цIыхубэ артист Петров Николай.

ОБЛАСТЫМ и губернаторым и жэрдэмкIэ илъэс кьэс ирагъэкIуэкI фестивалым кьызэщIнубыдэрт классикэ макъамэм и концерти 10. Абыхэм хэтащ Урысеймрэ, Франджым, Швейцариемрэ, Канадэм щыщ уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэхэр.

«Дыщэ уэрдыхъушхуэм» хагъэхьэ

«Урысейм и Дыщэ уэрдыхъушхуэм» кьызэщIнубыдэ турист кIуэпIэ щIыпIэхэм Мордовиер хагъэхьащ. Фигу кьэдгъэкIыжыщ, Урысейм и щIыналъэ 30-м щIигъу хэтщ абы.

Щэнхабзэмрэ гъуаздж эмрэ

УРЫСЕЙ, хамэ къэрал зыгъэпсэхуакIуэхэр Мордовием кьызэрыращэлIэну правительствэм программэр гъэзэщIным хухахынущ сом мелуани 10-м щIигъу. КьулькъущIэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абы щIыналъэм и пщIэри и экономикэри кьиIэтыну, цIыху куэдым лэжьыгъэ ягъэтыну, хьэрычэтыщIэхэм я мылъку зыхалъхьэн Iуэхущ1апIэхэр кьахуэзIуэну угутэ хъунущ. Мордовием турист мин 80 хуэдизиIэхэр кьэ кIуэну хуагъэфащэ.

Япэ ищахэр

***«Вятка деж щекIуэкI зэIущIэхэр» VI Урысейпсо кинофестивалым щытекIуэхэр нIуэ къэхъуащ. А зэхэзэхуэм хэтащ Урысейми

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

КУДРИН Алексей:
Иджыри ильэс 50-кІэ

Урысейр зыужьыныгъэшхуэм щІыпэплъэн щыІэкъым

Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей къэралыр кризисым къызэрыкІыфыну щыкІэм щытепсэлъыхьэн уигу фІы къэзыщІын лъэпкъ жІакъым.

2008 гъэм кърикІуахэм теухуауэ финансхэмкІэ министерствэм и коллегием сыхьэт псокІэ Кудрин Алексей къыщипсэлъам и купщІэ нэхъыщхьэр мыращ: ныбзиз лъэхъэнэр ныхащ, фи бгы-рыпхъэр нэхь быдэу щІэфкъуэз.

- ДызыхуэкІуэ ильэси 10-20-м, уеблэмэ 50-м 2000 - 2004 гъэхэм диІа экономикэ хэкІыпІэфІхэм хуэдэ диІэжьынукъым, - жиІаш министрым.

Сыт абы апхуэдэу щыІтригъэчыныхьыр?

- Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я экономикэр, нэхъ машІэ дыдэу, иджыри мазэ 18-кІэ екІэкІуэнущ, - кьыдугурегъаІуэ Кудриным. - Абы кІеыш кризисым ильэс зыбжанэкІэ дыкъызэрыхэмыкІыфынур.

Гукъыдэжьышхуэ хуимыІэу Кудринрыр къэкІуэнум поплъэ: 2010 гъэм и бюджетыр триллион 1,3-кІэ зэрагъэмэщІэнум, абы щыгъуэми ахъшэ щыхуэ нэгъуэщІ къэралхэм къеІыхьэн зэрыхуеІэм зыхуегъэхьэзыр. Ильэс блэкІахэм щыуагъэ зыбжанэ зэрэІэщІэкІэри ибзыщІкъым. Ауэ зэрызигъэкъуэншэжьыр ахъшэ куэдыІуэ цІыхухэм зэратекІуэдарщ, Стабилизационнэ фондым щыІэтрамыльхьэу.

Коллегием кърихьэлІа, Президентым и дэІэпыкъуэгъу Дворкович Аркадий ар щыІэхихьм, зыхуэмышыІэжу жиІаш:

- Ди лъэпшыпэхм къыІэрыщІэуплъэм нэгъуэщІ къэралхэм зэрыщыкІэрыхуэм нэхъыкІэж ущыпэплъэн щыІэкъым, - жеІэ абы. - Процентышхуэ зытрамыльхьэ кредитхэр етауэ щыхуэхэм ахэр кьащэхуэфыну Іэмал етын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ правительствэр банкэм ядолажьэ.

Псалъэм кьыдэкІуэу

КъуэкІэпІэ аналитикхэм, ди мини-тр хэм кьащхьэщыкІыу, урысей экономикэм зэрызэужьынур нэхъ я фІэщ мэхъу. ЭкономикэмкІэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща американ Кругман Пол Нью-Йорк щригъэкІуэкІа пресс-конференцым щыжиІаш: «Эксперт куэд зэрыщыгъуэм хуэдэу, сырьем и уасэр шынагъуэ дыдэу ехуэхакъым. Абы кьыхэкІыу щыдагъэ зыщэхэм хэкІыпІэфІхэр иджыри яІэщ».

Европэ къэрал зыбжанэм дефолт щыІэну Кругман хуегъэфащэ. Зи Іуэху зэІыхьэнухэм яхефмэ Исландиер, Ирландиер, Австриер, щыхуэ куэд зэратетым кьых экІыу.

ЛАВРОВ Андрей.
«Комсомольская правда».



- ФинансхэмкІэ министрхэр дуней псом фІыуэ щалъагъуркъым, псом хуэмыдэу ди къэралым.

АбыкІэ Дворковичыр зауэщ: хэт фІыуэ эпльагъуныр уэзыгъэгужьеин фІэкІ жызымыІэ, рынокыр кьыдзэтесыгъэщащэ министрыр? Жьыкъуэ мыІэбауэ пІэрэ ар? Ильэс 50-р кьызоГанэри, ильэсищкІэ къэхъунур яхужьІэркъым экономист нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм.

НэгъуэщІу убгъэдыхьэмэ, Кудриным бюджетыр эзбгримыгъэльэфыжу ихьымэну и кьалэнщ, икІи ар зыгУэркІэ кьыбгурыІуэ хъунущ. Зыгуэрым и пщэ ирилъхьэжьын хуеІекъэ «полицей мыхьымыщІэу» щытынч!

Набиуллиной Эльвирэ жиІэр нэгъуэщІщ. Ар къэкІуэну зэманым нэхъыфІкІэ щогугъ:

- Ди хьэпшыпэхм кьыІэрыщІэуплъэм нэгъуэщІ къэралхэм зэрыщыкІэрыхуэм нэхъыкІэж щыІэкъым, - жеІэ абы. - Процентышхуэ зытрамыльхьэ кредитхэр етауэ щыхуэхэм ахэр кьащэхуэфыну Іэмал етын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ правительствэр банкэм ядолажьэ.

Псалъэм кьыдэкІуэу

КъуэкІэпІэ аналитикхэм, ди мини-тр хэм кьащхьэщыкІыу, урысей экономикэм зэрызэужьынур нэхъ я фІэщ мэхъу. ЭкономикэмкІэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща американ Кругман Пол Нью-Йорк щригъэкІуэкІа пресс-конференцым щыжиІаш: «Эксперт куэд зэрыщыгъуэм хуэдэу, сырьем и уасэр шынагъуэ дыдэу ехуэхакъым. Абы кьыхэкІыу щыдагъэ зыщэхэм хэкІыпІэфІхэр иджыри яІэщ».

Европэ къэрал зыбжанэм дефолт щыІэну Кругман хуегъэфащэ. Зи Іуэху зэІыхьэнухэм яхефмэ Исландиер, Ирландиер, Австриер, щыхуэ куэд зэратетым кьых экІыу.

ЛАВРОВ Андрей.
«Комсомольская правда».

Демократиер къыщхьэщыжын хуэныкъуэкъым

● Къэрал унафэщым и псалъэ

***Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий иджыблагъэ яп дыдэу интервью иритаи ди къэралым щыкІыдыжьІ газетым. Ёпсэльэну абы кьыхихаш щужьрей илъэхъэм зи журналист зыбжанэ яукІа «Новая газета»-р. Къэрал унафэщІым нэхъ кьыхихьэщхьэхуэкІа Іуэхуэгъэхэр фи пашхэ идолъхъэ.**

Жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр

ЖЫЛАГЪУЭ зэгурыІуэныгъэр, дауи, щІыхур зыхуэкІуа гупсысэ нэхъ нэху дыдэхэм ящыщ зыщ икІи дунейм демократиер щызэфІэувэн папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІаш. Руссо и гупсысэхэр кьыдыхэкІам дыщыгъуазэщ, ауэ жылагъуэ зэгурыІуэныгъэм нобэрей гъашІэм.ехьэлІауэ утепсэльыхьмэ, абы и уахъКІэр ди Конституцэм и лъабжьэщ. Конституцэр езыр - къэралымрэ а къэралым щыпсэуу щІыхуэмрэ зэгурыІуэныгъэм.

Бюрократиер

БЮРОКРАТИЕР, кьулыкъущІэхэр и унафэм щІигъэувэныр дэтхэнэ зы къэралыгъэми и кьалэн нэхьыщхьэщ. Ахэр зыхуэлэжьэн хуейр къэралращ.

Куэд щІащ дэ ар зэдгъэхъуІэну яжь дыхэригъэ, ауэ дыхэрыгъэшхуэн зэкІэ слъагурыкъым. Пэжщ, 90 гъэхэмэ иджыпстурэ зэщхьхьым, нэхьыфІ хъуащ. Къэрал кьулыкъум ехьэлІа законодательствэр зэрытхъуэжри зэман дэкІащ. СызэреплымкІэ, гугъуехьыр здэщыІэр хабзэр къэщтэнраКъым, атІэ ар фІэкІыпІэнщэу гъэзэщІэныр. Ар щыч хэмыІуэ, нэхь гуэрыдыдэщ.

КъулыкъушІэхэмрэ абыхэм я хэхъуэхэмрэ

Балигъхэр еплъурэ, самбий сабийр кърегъэл

ЛъхьІэныр хабзэм къемыгъэтщ.

Интернетыр къэгъэІурыщІэныр

ИНТЕРНЕТЫР хабзэм кьыгъэтІэсэныр емыгъэлеяуэ щытыпхъэщ. АбыкІэ дэ дуней псом яп дыщІищын щыІэкъым. Хабзэм и мардэхэм игъэуваУэ дызытелажьэн хуейр, япрауэ, зегъэужьыныжьыкІэ интернетым Іэмал етыныр, е т І а н э р а у э , щІэпхьаджащІэхэр абы щымылэжьэфыну щІыныр. Абы щыгъуэми интернетыр кьыщІыпщІыхуэ щыІэкъым зыр щІэрей зэрыщыхуэхьу. Ар зэпсымэу, лей щызэрахьэ зыщІэу.

Ходорковскэм и «отІуэнэ Іуэхур»

СУДЫМРЭ а Іуэхумрэ ятеухуа упщІэм сэ кІэщІу жэуап естынщ. Зыгурэхэм я дежкІэ абы кърикІуэнур гурыІуэгъуэщ. Іуэхур зэфІэкІа нужьыкІэ, хэти «жьыеІатэкъэ?!», хэти «сыщыуащ» жиІэфынущ. Ауэ къэрал кьулыкъушІэм, пэм хуэмыдэу Президентым, апхуэдэу хуиту псэльэну Іэмал иІэкъым.

Судым и унафэр зыхуэдэнум Президентыр тепсэльыхьыныр хабзэм къемыгъэтщ.

Тхьдэм кьыдогъуэгурыкІуэ

ДЕМОКРАТИЕР жылагъуэ зэхэтыкІэм и лІэужьыгъуэу тхьдэм кьыдогъуэгурыкІуэ. Абы кьыхэкІыу демократиер хуныкъуэжьым кьыщІэхьэщыжьын.

НэгъуэщІ Іуэхущ, 90 гъэхэм щыІа политикэ, экономикэ гуэрыуехьэм я гьусэу, ар ди къэралым къызэрыкІуам щІыхур куэдым гущыкІ зэрыхуригъэщІар. Лъэхъэнэ дэкІмэ, псори и пІэм изгъэжьыжьыжьыкІэ ищІэ, ар щыІэнущ.

● Къайгъэ

Зауэ–банэ хэмыту

Ермэ лы прессэм зэритхымкІэ, ОБСЕ-м Минск щыІэ и кьудамэм и унафэщІхэм Франджым щыщу хагъэхьа Фасье Бернар Нагорнэ Карабахым Іуэхур щыгъэтэмэмыжьыным ехьэлІауэ гупсысэ зыбжанэ Австрием и кьалащхьэм кьыщІиІуэтащ. Дуней псор зэщІэзыщта финанс кризисыр тегъэщІапІэ ищІри, ермэлыхэм захуигъаззу абы жиІащ зэпаубыда щыналъэр азербайджанхэм и ратыжмэ нэхъыфІу, армырамэ ар ях уземыхьэну.

- Пэж дыдэу, зэщыхьа лъэныкъуитІым я жылагъуэ лЫкІу эхэр сыхьэтитхум нэблагъэнэ ОБСЕ-м и ЛЫкІуэ гупым и унафэщІхэм яІущащ, - жеІэ азербайджан политолог цІэрыІуэ Мусабеков Расим. - Абы къеГэлъэлъагъуэ зэпсэльэныгъэхэр зэрегъэкІуэжьыпхьэр, хэнэныпІэхэр кьалъэтыну и чэзу зэрыхъуар.

Ермэлыхэмрэ азербайджанхэмрэ я жылагъуэ лЫкІуэхэр Іуэхугъуэ куэдкІэ а зэІущІэм щыІэзэгурыІуащ. Псом япэу абыхэм кьалъэлъагъуэ зауэ-банэ зэрыхуэмейр.

Нагорнэ Карабахым щыпсэу ермэлыхэр кьыщыхуэтхъэу сыхэм, Фасье Бернар яж ріІащ: «Фи щхьэр кьэмыгъэщІэж, къэралыгъуэ щхьэхуэу зыми фыкьылІыгъэркъым, уеблэмэ Армениемэ».

Гъэмахуэм ирихьэлІэу зэгурыІуэныгъэ гуэрхэр лъэныкъуэхэм зэращыхьІэну хуагъэфащэ. Армырамэ, псори зэрыщыту кьэнэнущ. Куэд ельытащ Барак Обамэ Тыркум щригъэкІуэжьыну зэпсэльэныгъэхэм. США-р Тырыкуи Азербайджанми куэдкІэ щогугъ.

АЛИЙ Камал.
«Северный Кавказ».

● ГъэщІэгъэуэнщ

КъарукІэ пэлъэщыркъым

Номинхэр къарукІэ щыхум щІефэкІыр кьыбгурызыгъаІуэ гипотезэ иджыблагъэ къэунэхуащ: дэ дынэхъ къарууншэщ, орангутангым и къарум хуэдэ диІэну Іэмалыншэкъым.

ЭДГАРПо и рассказхэм ящыщ зым дыкьыщоджэ, апхуэдиз фэбжь триллъхьэ зэанэзэпхьр зыкІар егъэлеІуэ къарурыхуэ зиІэ цІыхуэ хуагъэфащэу, куэдрэ апхуэдэ кьыЗэралъхьуам. ИкІэм-икІэжьым ар зи Іуэжьыр мэтрос гуэрым Борнео къыІыгум кьриша орангутангыраУэ кьыщІидзащ.

А номин лІэужьыгъуэм теухуа хьыбарыр Эдгар По натуралист щІэрыІуэ Кювье и тхьытым кьриджьыкІауэ езы тхакІуэм итхьжажу щытащ. Иджырей орангутангхэри, я инагъым елъытауэ, щыхуэхэм кьарукІэ иофэкІ. Дэ нэхъ тпэгъунэжу кьалъытэ шимпанзехэм я зэфІэкІэхэмрэ дыдей-хэмрэ зэбгъапщэмэ, номинхэр хуэдипІкІэ нэхъ кьарущ. ЩІэныгъэлІэхэр куэд щІауэ зоупщІыж: дэнэ кІуа ди къарур?

Приматолог Макарнон Энн къихутащ щыхуэм елъытауэ шимпанзем и тхьцІэм куцІыу иПыр хэпщІыкІыу зэрынэхъ мащІэм. А куцІраущ Іэпкъытэпкъым теухуауэ щхьэм «нафэ хуэзыщІ» нейронхэр зыхэлъыр. Биолог цІэрыІуэ Уоккер Алан ар тегъэщІапІэ ищІри, кьыхуиІуэ - нейронхэр куэд ди куцІым зэрыхэлъым Іэпкъытэпкъыр зэтрелыгъэ икІи Іэмалыншэм фІэкІа иригъэлэжькъым. Номиным еІр нэхъ мащІэщи, пщІэншэу кьару куэд игъэкІуэдын хуей мэхъу. НэгъуэщІу жыпІэмэ, цІыхум и губзыгъагъэм и кьарур зэрегъэзахуэ. Пасэрей цІыхухэм хуэдэу, дэ иджы кьару куэд дгъэкІуэдын хуей хьуркъым. Акъыльир япэ ищащ.

И гипотезэм щыхьэт техъуэ Іэхугъуэхэм ящыщ зыуэ Уоккер къеГэлытэ цІыхур номиным нэхърэ хэпщІыкІыу зэрынэхъ бэшэчыр. ЦІыхум пасэм иІа къарууфІагъэр кьыщІэзыкІуэрыу гужьеингъуэ ихуа иужькІэщ. Абы щыгъуэм и деж гупсысэмрэ акъылымрэ лъэныкъуэкІэ егъэзза мэхъури, кьыддалъхуа зэфІэкІэхэр утыкум кьохьэ. Апхуэдэ щапхьэхэр мащІэкъым - щІы хьеям е мафІэм ин кьэхъуам игъэгужьеяхэм кьаІэтыф е Іуагъэкъуэтыф хьэпъэхэр щыху зэпІэзэрыт зыбжанэ тэмэму зыпэпъэщынуращ.

ОБРАЗЦОВ Петр.
«Известия».

● УзыгъэпІейтей

Фошыгъур щІэлъапІэр сыт?

сондджэрхэрщ

Фошыгъу «инфляцэм» и щхьэусыгъуэр кьыщыбгъуэтыфынущ илъэсым и пэм щІыгъэнщэрым и уасэр зэрыдджкІуам, пошлинэм зэрыхъьуам, монополистхэм я деж. Воронеж областым и губернатор кьыщІикъум пэрыувэн и пэкІэ Урысей Федерацэм мэкъумэш хо-зайствэмкІэ и министру щыта Гордеев Алексей жиІащ «сатуущІхэр зэрызэгурыІуэм» и зэрыкъум. Сыти жыІи, фошыгъу ящыщ ящыгъуэ зэрекІыр. Сыти жыІи, фошыгъу ящыгъуэ кьыщыбгъуэтыфынущ илъэсым и пэм щІыгъэнщэрым и уасэр зэрыдджкІуам, пошлинэм зэрыхъьуам, монополистхэм я деж. Воронеж областым и губернатор кьыщІикъум пэрыувэн и пэкІэ Урысей Федерацэм мэкъумэш хо-зайствэмкІэ и министру щыта Гордеев Алексей жиІащ «сатуущІхэр зэрызэгурыІуэм» и зэрыкъум. Сыти жыІи, фошыгъу ящыгъуэ зэрекІыр. Сыти жыІи, фошыгъу ящыгъуэ кьыщыбгъуэтыфынущ илъэсым и пэм щІыгъэнщэрым и уасэр зэрыдджкІуам, пошлинэм зэрыхъьуам, монополистхэм я деж. Ар

Хэкурысхэм я гумащIагъэ ялъэIэсмэ

● Ди хьэщIэщым

Едыдж Мэмэтрэ Инэмыкъуэ Мулидрэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым щыху « щIэгъуэн куэд щызэбгыкI. Апхуэдэ хэм я щыщщ иджыблагъэ редактор нэхъыщхьэм и деж Iуэхуфа щIыпIэ щыIэ. Адыгэ Республикэм щыщ эныбжькъэгъуэгъуэ Инэмыкъуэ Мулидрэ Едыдж Мэмэтрэ. Пури Тырким къыщатхъуащ, я гнагъуэгъэ я гъуэгу Мейкъуэпэ къэIэпхъуэжауэ ильэс зыбжанэ хъуауэ абы щопсу, щолажь.

УИЭМ и уасэр къыщыпщIэр ар пфIэкIуэда нэужькIэ, жаIэ. Ар щынэрылъагъущ зи хэкур зрагъэбгына ди адэжьхъэм я деж. Ахэрщ, абыхъэм къащIэ хъуа щIэбгъэрщ лъахъэм и дахагъэр, абы и беягъри нэхъ кууэ зыхэзыщIэр. Зи гугъу тщIы гурыщIэхэр Iупщ къыщыгъэтъэгъуащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт Инэмыкъуэ Мулид и Iэдакъэщ1кIхэм. Мулид курыт школыр кIыхьэ ящыIэ, Истамбыл университетым щеджащ. ЕгъэджакIуэуи, телевиденэм сценарий яхунтхуэри Iэжьащ. Мулид уСэхэр, рассказхэр етх, апхуэдэуи Мэщбащ1э Исхьэкъ и романитI, К1эрашэ Тембот и «Шу закъуэ» романыр тырку6зэкI эзридзэкIащ. «Къуршхэм кьызат гупсысхэр» - аращ абы и усэ тхыпхьм фIищар. 1980 гъэм яп дыдэу и адэжь хэкум кьыщихьэжам абы илъэгъуахэщ, зыхэщIахэращ тхыпхьм лъабжьэ хуэхъуар.

- «Хэку» жылагъуэ зэгухьныгъэм ятеIэ дыдэу сыкъригъэблагъэри, махуэ 14-кIэ Налшык сыдэсауэ щытащ, - кьыддогуашэ Мулид. - Абы иужькIэ сыкъыщыкIуэм Домбай сыдэкIуеят. Хуабжьу тельыджэ кьыщыщхъуащ сэ а щIыпIэм щыслъэгъуар, куэдми сригъэгупсысащ. А бгыпхэ щIыпIэм зэгуэр зимыгтаиэ, адыгэм и нобэр, и кьэкIуэпхьр и кIэм нэсу зыхэпщIэфыну кьыщIэкIынкьм. Уэгум зыхэзыший бгы пIащэхэм, кьыр дзакIэ пагэхэм егъэщхьащ сэ си гъэпкъыр. Аэрэ кьыщIэкIынщ адыгэм и уардагъым, пагагьым щапхъэ хуэхъуар. Сыту е щIыкIыщ а бгы абрагъуэкэр ди адэжьхэм я дуней тетыкIам, я зыщIыгъкIэу щытам?!

Хамэ щIыпIэ кьыщащхъуа дэтхэнэ адыгэми хъыбарэ зэхихаущ хэкужьым къуршхэр зэрыщыкъуэдыр, ди щIыналъэр сыт хуэдэ зэманми зэрыдахэр. Ауэ Iуэрыуэтэжу зэхэпхьымрэ уи нэкIэ пIъагъэмрэ зэтехуэркъым. И хъыбарыфI хуэд дыдэ зэхэсхами, апхуэдизу дахэу си нэгу кьыхсчщIэувэрэткъым сэ, псалъэм папщIэ, Iуащхьэмахуэу. ИужькIэ сыздэщIыпа, сльэгъуа псоми хьэкъ сщащIащ адыгэщыпи и дагъыр псалъэкIэ кьызэрыпхуэмыIуэтэнур.

Зэрыадыгэ къудейм щхьэкIэ, адрейхэм нэхъ насыпыфIэу зыкъэзыпльитэж Инэмыкъуэр ильэсиблым нэбзэгъауэ Мейкъуэпэ щыпсэуи, абы и гум иджыри зигъэнщIакъым ильагъу псомкIи. Ар набдзэгубдзапIъэу якIэльэпльп и пъэпкъэгъуэм, зэрегъапщэ пъахэм пэIэщIэу псэу адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ я дуней тетыкIэр, я хьэл-щэныр. -Илъэсиблым 150-рэ дэкIащ абы пIащэрэ, ди адэжьхэм я жьэгухэр кьагъанэу хамэ щIыналъэр псэупIэ зэрахуэхьурэ. Ауэ сыт хуэдизу бэлыхь ятелъами, хэхэс гъащIэм и дыджкIэ мымащIэу ягъэунэхуами, нэжьижьыжь пIащэрэ адыгэм кьыдекIуэкI зыыигъыкIэр, щэныр, псэпIэкIэр ягъэкIуэдащ. Абыхэм лIэщIыгъуэрэ ныкъуэкIэ ихьымфащ и бгэр, и хабзэр. Километр мин бжыгъэкIэ зэпэщIэмкI, пIъэпкъышхъуэхэм я жьауэм щэту кьэкIуэкIам, ди пIъэпкъэгъуэм я псэукIэхэр зэрыщэщхьыр умыгъэщIэгъуэн пIъэкIыркъым. Щапхъэу кьэпхъ хьунущ Тыркым щыIэ адыгэ кьуажэхэмрэ хэкужьым и адыгэ кьуажэхэмрэ щыпсэуэхэр. Я зыхуэпэкIэкIи, я дуней тетыкIэкIи кьэдкIэ зэпэгъынэгъущ ахэр. Мыпхьу кьыхэзрапхъэ Iэмалхэри, я щхьныр кьызэрагъэкъэрычэтри щызэгъехуэр кьэдщ. Кьапщтэмэ, нэхъапэм адыгэ унагъуэхэм быни 9 - 10 яIэу щытащ, иджы дэнэ щыпсэу адыгэми нэхьыбэу зригъэзгъупсис зыныкъуэхэм деж», - зэгуэгъуэ Инэмыкъуэм.

Мулид езыр кьыщащхъуар адыгэ кьуажэтэ, адрей жьыпIэндзрэ, ди адэжьхэм я жьэгухэр кьагъанэу хамэ щIыналъэр псэупIэ зэрахуэхьурэ. Ауэ сыт хуэдизу бэлыхь ятелъами, хэхэс гъащIэм и дыджкIэ мымащIэу ягъэунэхуами, нэжьижьыжь пIъанд